LOCKHART MIDDLE SCHOOL

Orange County Public Schools
3411 Dr. Love Road, Orlando, Florida 32810
(407) 296-5120 Fax (407) 296-6549

Farah L. Henderson
Principal

Taylirre Mack
Assistant Principal
Dr. Inga Smith
Assistant Principal

March 3, 2023

Lekòl Leta Orange County
Edikasyon Sante Seksyèl nan Lekòl Segondè

Chè Paran (yo)/Gadyen (yo),

Nan kad kourikoulòm edikasyon syans ak sante Lekòl Leta Orange County a, pwofesè pitit ou a pral prezante leson edikasyon sou sante seksyèl ki konfòm ak Nòm Florid yo.

Se yon ekip pwofesè ki te ekri kourikoulòm edikasyon pou sante seksyèl OCPS la an akò ak direktiv edikasyon OCPS pou sante seksyèl. Yo mete kourikoulòm nan ajou regilyèman pou l ka aligne ak Estanda Florid yo pou edikasyon sante ak syans. Kourikoulòm lan gen ladan l enfòmasyon konplè, ki baze sou reyalite sou yon varyete sijè ak yon anfaz sou abstinans seksyèl/anvwaye kòm konpòtman akseptab ak chwa ki pi an sante pou jèn yo. Sijè ki enkli nan kourikoulòm lan Ou ka jwenn aksè nan OPCS Parent Portal (https://parents.classlink.com/ocps) avèk kalifikasyon OCPS Parent Portal ou (Skyward Login).

Sijè leson klas 6yèm-8yèm ane

- Entwodiksyon/Ground/Règ/Pretest/Folder Devwa yo
- Pran Desizyon
- Pibète ak Adolesans
- Sistèm repwodiksyon
- Menstruasyon, Fekondasyon, Nesans
- Navigasyon Sistèm Swen Sante a
- Abstinans Seksyèl/Posponasyon Patisipasyon Seksyèl
- Prevansyon/Kontrasepsyon Gwosès Adolesan ak Paran
- MST, tankou VIH
- Relasyon ki an sante
- Konsantman ak refi
- Apre tès la

Siksè kourikoulòm edikasyon sante seksyèl la depann de patisipasyon ak sipò fanmi timoun nan. Y ap ankouraje pitit ou a pou l diskite sou sa yo aprann avèk ou epi chèche konsèy ak enfòmasyon sou valè fanmi w lè w ap konsidere desizyon pèsonèl yo. Pandan tout kou ansèyman an, y ap mande pitit ou a pou l mennen lakay li epi ranpli “Aktivite Patisipasyon Paran/Gadyen” pou fasilite kominikasyon nan fanmi an.

Nenpòt elèv paran ki fè yon demann alekri bay direktè lekòl la dwe egzante de ansèyman sante repwodiktif oswa nenpòt maladi, ki gen ladan VIH/SIDA, dapre dispozisyon s. 1003.42(3). Yon elèv ki egzante konsa pa gendwa pran sanksyon pou rezon egzansyon sa a.

Si w gen kesyon oswa enkyetid espesifik, tanpri kontakte pwofesè/administrasyon pitit ou a.

Sensèman,

Farah L. Henderson
Principal

"The Orange County School Board is an equal opportunity employer".